



1985 - 2018

www.dci.org.uk

Nigute wotanguza ishuri tyawe rya Bibiliya?

Turi bande?

Nigute noshobora kubafasha?

Gira icemezo co kwigisha abandi zino nyigisho. Senga ubudasiba kandi utegure neza ivyirwa mukwongeramwo imirongo ya Bibilia uzi hamwe n'udukuru twiza mukuremesha ikiyago.

© 1985-2018 The DCI Trust, England
Global Support for the world of mission
Web site: <http://www.dci.org.uk>
E-mail: support@dci.org.uk

IBIRIMWO MURIKI CIRWA

- 1. INTANGAMARARA Y'ICIRWA**
- 2. UBUTUMWA BWIZA**
- 3. GUSABA IMANA (Gusenga)**
- 4. UBURYO BUTANDUKANYE BWO KWAKIRA AGAKIZA**
- 5. UBUZIMA BW'UMUVUGABUTUMWA**
- 6. GUKORESHA UBURYO BWOSE**
- 7. URAFISE IBIKWIYE**
- 8. IBIMENYETSO N'IBITANGAZA**
- 9. GUKIZA INDWARA**
- 10. GUSENDA ABADAYIMONI**

1. INTANGAMARARA Y'ICIRWA

Kaze mw'ishuri mpuzamakungu ritegura abakozi b'Imana bafise ingabire zitandukanye, abarongozi b'amashengero n'abamisiyoneri bafise umutwari mu mutima wo gushikana ubutumwa bwiza ku mpera y'isi. Iri shure rifise intumbero yo kwigisha, gushigikira no gukora ibikorwa vyo gushikana ubutumwa bwiza kumpera z'isi no guhindura amahanga abigishwa ba Kristo; twifashishije amajambo Yesu yabwiye abigishwa biwe muri Matayo 28:19, Mariko 16:15, Luka 24:47.

N'ishuri mpuzamakungu kuko ivyigwa twigisha ari ivyigwa vyigishwa mu bihugu vyinshi kw'isi, mu ndimi zitandukanye kandi nta mipaka iy'ari yo yose yobera intambanyi uwariwe wese agomvye kuryiga. Ni ku buntu nta mafaranga turihisha kandi nta n'ubundi buryo bwinshi busabwa kuryiga. Ntirivangura abantu ku myaka, igitsina, idini, ubwoko canke ikindi. Turizeye ata gukekeranya ko biciye mur'izi nyigisho uzoronka ihishurirwa rishasha kandi uzohezagirwa. Hari benshi bafise igishika n'urukundo vya Yesu Kristo, abo uzoshobora kubahindura no kubahezagira nk'uko nawe uzoba wahezagiwe.

Kuba uyu musu uhise mu kwiga izi nyigisho, n'uko wifuza gushika k'urundi rugero mu kumenya Imana cane wewe ubwawe, kandi woba wifuza kubona abo mu muryango wawe, ababanyu, abo mu gihugu ubamwo, abantu batashikirwa n'ubutumwa bwiza mw'isi yose eka n'abakene bo kw'isi yose bahindukiye ngo baronke ubugingo budashira, urukundo no kwitwararika, bizeye Umwami wacu Yesu Kristo.

Ico ni co Imana yari yatoranirije intumwa Paulo. Kandi ni nayo ntumbero Imana idufiseko n'uyu musu.

Ibi vyigwa bizogufasha gushika kur'iyi ntumbero Imana idufiseko.

Ivyakozwe n'intumwa 26:18 Iki nico cigwa ca mbere kikaba n'intangamarara y'ivyigwa vyose. Ivyigwa bikurikira iki vyo birakwiye kandi urasanga mwo vyinshi bishasha, n'imyimenyerezo itandukanye. Jewe ubwanje narazize, narazigishije mw'i shuri, kandi nazikwiragije mu bantu benshi batandukanye, mu ndimi zitandukanye, ubu naho nawe ziragushikiriye mu rurimi rwawe. Ndasenga nizigiye ko uzohezagirwa, uguhinduka, ugatera intambuko nk'uko nanje ubwanje nahezagiwe kandi n'ubu nkihezagirwa.

Dr. Les Norman

1. Imbere yavyose nukubagezaho incamake y'ivyo twigishijwe mu myaka iheze, tubifashijwemwo na Mpwemu Yera, na Bibiliya, na masengesho yacu hamwe n'umutima wugurutse mu vy'iyumviro.

Ivyirwa bifise imice itandukanye kandi bikanaba murutonde rwiza bibereye ku mashengero ari mu bihugu biri munzira ya majambere:

1. Ubutumwa bwiza
2. Ubumisiyoneri (Gushikana ubutumwa ku mpera y'isi)
3. Urufatiro ruhuza Intumwa kuba kristo bashasha
4. Ikigongwe Imana ifitiye aboro
5. Umuhamagaro w'Imana
6. Kwizera Imana n'ubutunzi
7. Umuhamagaro no gutegura abarongozi
8. Kubaka Ishengero n'Ubwami
9. Ubwami Bwawe Buze

2. Ubugira kabiri, nimba Uburyo ubayeho bubikwemerera, twifuza vy'ukuri ko mwoshikiriza abandi izo nyigisho kugira ngo Ijambo ry'Imana rikwire hose. Tugiye kubereka ukuntu mwoshobora gukora ivyo mudakoresheje uburyo bwinshi na cane cane ko tuzi ko bigoye kuburuka. Turabereka uko mwoshobora gutanguza ishure ryanyu, murashobora kubisanga:

MBEGA IRI SHURE RIKORA GUTE ?

Umugwi w'abantu cumi na babiri (G12)

Iri shure rikoresha uburyo Yesu yakoresheje mu kwigisha abigishwa biwe, Paulo na Timoteyo nabo nibwo buryo bakoresheje. « **Kandi ivyo wanyumvanye mu maso y'ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazashobora kuvyigisha n'abandi** ». 2 Tim. 2 :2. Twagomba ko mumenya neza uko ubu buryo bukora tukiri mu ntango. Mu mwaka w'2001 niho ubu buryo bwo gukorera mu migwi y'abantu cumi na babiri « G12 » bwatangura gukoreshwa mu mashengero yashoboye kugwiza abantu vuba na vuba. Ubu buryo n'amakoraniro yo mu muhana « cellule de prière » bwatangujwe n'umupasitori wo muri Koreya yitwa Yonggi Cho (Yongico). Ubu uwitwa pasitori Cesar Castellanos wo muri Kolombiya ahitwa Bogota niwe yahinguye neza ubwo buryo kandi vyatumye ishengero ryiwe rigwira kuva ku bantu 8 bashika ku bantu 120 000 mu myaka 10 gusa. Yavuze ati : « Ndatanguye gutahura neza uburyo Yesu yakoresha. Igugu ry'abantu ryaramukurikira ariko ntiyaryigisha ryose. Yigishije abantu 12 gusa, kandi ico yakoreye mw'igugu ry'abantu cose, kw'ari kugira ngo yigishye abo 12. Mpwemu yambajije ati : « nimba Umwami Yesu yigishije abantu 12 gusa, mbega weho ntiwoshobora kwigisha abashika canke abari muni ya 12 ? » Yesu yatoranije intumwa 4

Icigwa ca 66 kirasigura neza uko mwobishira mu ngiro. Iyo tuvuze ishure ntituvuze ko mugomba kubaka inzu no kurondera abigisha muzohemba. Abanyeshure bacu bigira mw'ishengero, mu mihana, ku mabaraza, eka no munsu y'igiti aho bishoboka. Ikintu nyamukuru gikenewe n'umugwi w'abantu bafise ukugomba, bibiliya, izi nyigisho n'ubwiza bw'Imana iyo mukoranye. Ico twifuza n'uko muhejeje kwiga umuntu wese azashobora kwegera abandi akabigisha gutyo gutyo.

Ehe ingene gukoresha uburyo bw' G12 bwotuma abantu benshi baza k'Umwami: Ni wiga uri 1, umuntu 1 niwe yumvise Ijambo ry'Imana.

- ✓ Ni wigana n'abantu 12 , abantu 13 nibo bumva Ijambo ry'Imana.
- ✓ Mugihe abo bantu 12 bokwigisha umwu-mwe abandi 12, abantu 157 nibo bazoba bize Ijambo ry'Imana.
- ✓ Mu gihe abo bantu 157 bohamagara umw'mwe , abantu 1 884 nibo bazokumva Ijambo ry'Imana.
- ✓ Mu gihe abantu 1 884 bohamagara umwu-mwe, abantu 22 608 nibo bazokumva Ijambo ry'Imana.

Ibi vyarabaye mu Bushinwa kandi vyama biraba buri musu mu bice bitandukanye vyo muri Amerika y'ubumanuko no muri Afrika aho inyigisho zo kwigisha mu buryo bwo kugwiza (multiplication) bakoresheje ubu buryo, vyerekana ko ariyo nzira nziza yo kwigisha abantu benshi bafise umuhamagaro wo gushikana benshi kuri Kristo hadakoreshejwe uburyo (amahera) bwinshi.

Nta nyubakwa canke ibikoresho vy'agaciro bikenewe. Ni gukoranira hamwe gusa mukaganira kandi mukihereza ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Wibuke gusa urufatiro rw'ibi bikorwa « **Kandi ivyo wanyumvanye mu maso y'ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazashobora kuvyigisha n'abandi** ». 2 Tim. 2 :2.

Mufatanije hamwe twese natwe, turashobora kwigisha abantu benshi bakaba abakristo buzuye, bashobora gukorera mu migwi y'abavuga butumwa, abigisha abandi, abitwararika aboro n'abakene, n'abandi bafise ukwizera, ingabire n'ibikorwa bizotuma uburyo bukenewe mu murimo w'Imana w'ivuga butumwa buboneka. Mu kigabane ca mbere c'itanguriro, igihe Ijambo ry'Imana, rifatanije na Mpwemu wayo, harabaye ubuzima bushasha. Ico natwe nico dusengera ngo Imana ireme bishasha mu buzima bwanyu n'ubw'abo mubana. 3.

Icanyuma, iyo umunyeshure ahejeje ishure agahabwa urupapuro rw'umutsindo, abisavye turashobora kumuha imfashanyo yo kumushoboza gushira mu ngiro imigambi canke iyerekwa Imana yashize ku mutima wiwe;

ar"ibikorwa vy"ubumisiyoneri, ivugabutumwa, kujana ubutumwa mu bihugu bitarabwumva, kwigisha abamisiyoneri, urudandazwa rwoteza imbere ibikorwa vy"ubumisiyoneri n"ibindi.

Nimba gufasha umugwi, gutanguza ishure canke gukora mu mirwi utabishoboye urahawe ikaze ngo ukurikire izi nyigisho nk"uwigenga canke mu buryo bwiza bukwoheye.

MBEGA IRI SHURE RIRAGOYE ?

Izi nyigisho zarakoreshejwe cane mu mashengero yo muri Afrika, yo mu Buhindi kandi no mu bihugu bikoresha ururimi rw"iki-Espanyolo hakurikijwe imico y"aho hantu hose, bese baravuga ko izi nyigisho zihuye na Bibiliya, ari iz"ukuri, kandi zizoshoboza amashengero ari mu bihugu biri mu nzira y"amajambere (bikenye) bidashobora gushika ku ntumbero no guheraheza Igikorwa Gihambaye co gushikana ubutumwa bwiza kw"isi yose maze Yesu azoca agaruka. Vyinshi mu biri mur"izi nyigisho vyavutse mu bihugu bikiri mu nzira y"amajambere, bikorerwa kandi bipimirwa mu bihugu bisa n"ibihugu vyo mu kinjana ca mbere mu bihe vya Bibiliya. Imana irashobora gufasha abiga izi nyigisho kugira ngo ntizibagore n"aho hoba abafise amashure abayabaye canke batagira namba Inyigisho ziroroshe kandi zirumvikana no k"uwoshaka kuzihindura mu rundi rurimi. Izi nyigisho zanditswe mu buryo bworoshe gusoma no kwiga. Kandi igihe har"abandi bozikenera, barashobora kuzironka kuri internet, urashobora kuzifotoza bakagusubiza amahera canke wobaha iyi kopi bagafotoza, canke bakimura n"iminwe, kugira ngo izi nyigisho vyorohe ko umuntu wese azikeneye azironka bitamuzimvye. Raba rero **k"urutonde rw"ivyigwa**, urabe neza ivyigwa uzokwiga n"ivyo uzokwigisha abandi.

Iki cigwa ca mbere ariyo n°1 ntangamarara tukirangiza tubasaba ko mwosoma ido n"ido ry"iri shure n"inyishu z"ibibazo(FAQ) kugira ngo utahure vyinshi. Kucirwa kigira kabiri n°2 niho uzoba utanguye gutahura neza.

2. UBUTUMWA BWIZA EVANGELISATION

Igisomwa co muri Bibiliya yawe:

1 Abakorinto : 15:1-34 ; 15:58

Umurongo wo gufata mu mutwe:

« Kuk’ubutumwa bwiza butantera isoni, ar’ubushobozi bw’Imana, buzanira uwizera wese agakiza, uhereye ku Muyuda ukageza ku Mugiriki» Abaroma 1 :16

Ganira kur’ibi :

Mbega woba warasavye imbabazi kubw’ivyaha vyawe ukakira Yesu Kristo nk’Umukiza wawe? Nimba utarabikora, n’umwanya wawe.

Urasabwa nawe ko wogerageza kuzokwigisha izi nyigisho abandi. Senga misi yose igihe ugira uzigishe kandi uzitegure neza, wongeramwo iyindi mirongo uzi bijanye, n’izindi nkuru n’uburorero vyotuma icigwa gitahurika neza.

Igikorwa c’ukwandika ku bigira urupapuro rw’umutsindo :

Tegura inyigisho wumva wokwigisha abantu zitarenze impapuro zibiri, Wifashishije bimwe muvyo wize mur’iki cigwa.

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura.

Iyumvire igitigiri c’abantu batarakizwa uzobwira ubutumwa bwiza : Ar’umwe, babiri, bane canke umunani? Ntiwiyumvire abarengeye ukwizera kwawe.

Saba Imana igufashe kuzoshika ku ntumbero wiyemeje.

Iyumvire kuri uyu murongo ijambo kw’ijambo :

Imigani 30 :2-4

Urashobora kw’umva ikibazo?

Muri wewe, urashobora kw’umva induru ya Bantu mu mutima? Umviriza
“Ati n’ukuri ndi ikiyinyingiyi kurusha umuntu wese,
sinkerebutse nk’umuntu, kandi sinzi ubwenge no kumenya uwera singufise.

Ni nde yaduze mw’ijuru akamanuka?

Ni nde yakoranirije umuyaga mu bipfunsi vyawe?

Ni nde yatekeye amazi mu bipfunsi vyawe?

Ni nde yashimangiye impera zose z’isi?

Izina ryawe ni nde, canke izina ry’umwana wiwe, namba worimenya?”

- Ndarushe MANA!
- Ndarushe kandi ncutse intege MANA!
- Ndi uwibagiwe n’abantu!

- Nta bwenge mfise!
- Kandi sinzi ubwenge, no gutahura Uwera singufise!
- Ni nde yaduze mw"ijuru akamanuka ?
- Ni nde yakoranirije umuyaga mu bipfunsi vyawe ?
- Ni nde yatekeye amazi mu mwambaro wiwe ?
- Ni nde yashimangiye impera zose z"isi?

Izina ryawe ni nde ?

Cank'izina ry'umwana wiwe namba worimenya ?

Imigani 30 :1-4

Abantu ibihumbi n"ibihumbi ntibatahura igituma bariho. Ntibazi iyo bava n"iyo baja, ntibazi igituma bariho, ntibazi iyo bazoja igihe bazopfira.

Mu mitima yabo baribaza ko Imana iriho ariko ntibazi iyo ariyo, aho iba, uko isa.

Wewe urayizi kandi n"izina ry"Umwana wayo urarizi, ni Yesu Kristo.

2 Uzomubwira iki?

Ivyo Paulo yandikiye benedata bo mw"ishengero ry"i Korinto mu Bugiriki birishura iki kibazo. Yavuze ibintu bishika bitandatu bikomeye abantu babwirizwa kumenya kugirango bagire ugihitamwo ico bokora.

1 Ab'Ikorinto 15:1-28

- Har"ubutumwa IMANA yarungitse.
- Yesu yapfuye akazuka, ubu ni muzima.
- N"ubuntu n"ingabire y"IMANA.
- Urupfu sirwo herezo rya vyose.
- Yesu-Kristo azogaruka.
- Hazoba umunsi w"iherezo.

3. Mubwire ko ashobora kumenya IMANA

Bibiliya iravuga ko ari ngombwa ko abantu bose: abagabo n"abagore, imisore n"inkumi, ubatunzi n"abakene bumva ubutumwa bwiza kuko ari bwo buhuza umuntu n"Imana.

Ubutumwa bwiza n'iki ?

N"ubushobozi bw"Imana kuwizera wese. Abaroma 1 :16.

Paulo aratubwira ko Kristo, Umwana w"IMANA yapfiriye ivyaha vyacu, yahambwe akazuka ku musi ugira gatatu. Abikorinto : 15 :1-4

Dutegerezwa kwizera ko Imana iriho kandi yiyerekana ku bayirondera bose vy'ukuri , ntiri kure y'abayirondera kandi yarabambwe. Abaheburayo 11 :6

- 1 Dutegerezwa kwizera ko IMANA ari iyera kandi ko n' ivyaha vyacu vyishi vyo kutamurondera bihari, no kwifatira inzira zacu, ivyumviro bibi, amajambo ,abi n'ibikorwa bibi, ivyo vyose vya dutandukanye n'urukundo rw'IMANA nubwiza bwiwe. Igaruka yavyo nuko inyuma yurufu ari ibihano bidashira. Romains 3:23, 6:23.
- 2 Duhitamwo kwizera kw' Imana, mu rukundo rwayo, ko yarungitse Umwana wayo Yesu Kristo, kuvyarwa n'uwukiri isugi kandi atacaha yari afise, kugira ngo adukize mu kwikorera umubabaro w'Imana kuri we kugirango turonke amahoro kandi ukunezerwa n'ubwiza bw'IMANA muri iyi si bishike hose.
- 3 Turizera y'uko turi ababijejwe bahisemwo neza kubikora. Turemera ko dukwiye gusaba imbabazi vy'ukuri kubw'ivyaha vyacu. Turizera y'uko Yesu yapfuye kubera twebwe kandi dusabe Imana idufashe kugira ngo ntidusubire mu nzira zacu mbi. Twakiriye Yesu nk'Umukiza wacu kandi twiyemeje gukurikira IMANA ibihe vyose, n'aho abagenzi canke umuryango wotwanka. Yoh 1 :12-13 Ivyah 3 :

4. Mubwire ko Yesu ari muzima

Ukwizera kwacu nti kuri mu vyiyumviro gusa ariko gushimikiye mu bikorwa vyo kwemerwa nk'igishingantahe cemezwa imbere y'ubutabera. Paulo yaranditse igishingantahe c'abantu 514 yabayemwo, hamwe n'igishingantahe c'abantu bamenye Yesu ubwabo, nka Petero n'intumwa. Ntibari gushobora kwihenda. 1 Abikorinto 15 :5-8

5. Mubwire ko ubuntu bwemerewe kuri we

Ubuntu ni iteka ritadukwiye Imana itanga ititangiriye itama. Ntibushobora kugurwa canke ngo butindirwe. Butegerezwa kwemerwa mu kwitahura.

Paulo aratahura ati naho hari uguhamwa kw'ishengero, ubuntu bw'Imana burakora mu bushobozi, mu buzima bwiwe. Ubuntu bw'Imana bwaramushize hejuru naho yari umunyavyaha mukuru bumugira umuntu akomeye w'Imana.

1 Ab'Ikorinto 15:9-10.

6. Mubwire ko urupfu atarirwo herezo

Ni twapfa, abemeye gukurikira Yesu bazokwemerwa imbere y' Imana.

Turindiriye twizeye ukuzuka kuzoza, igihe abemera bazoronka umubiri mushasha utazohera kandi ntibazogwara kandi no ugupfa ntibazopfa.

Tuzoba kw'isi nsha no musu y'ijuru rishasha. Kubatizera nabo, bazoba barindiriye umuriro udahera kandi n'umubabaro udashira. 1 Ab'Ikorinto 15 :13-12,35-49.

7. Mubwire ko Yesu azogaruka

« Mu gihe azogarukira », azoza azanywe no gucira urubanza abantu bose bo mw'isi nk'uko abamalayika babivugaga mu vyakozwe n'intumwa:1:11 turavyemera, nk'uko abakristo bavyemeye kuva kera gushika uyu musu. 1 Abikorinto 15:23-25.

8. Mubwire ko hazoba igihe c'iherezo

Uno musu n' umusi wo kwakira agakiza k'IMANA, kandi uyu niwo mwanya mwiza, kuko ejo birashoboka ko utaronka akanya. 1Abikorinto 15 :24-28, 50-57.

Kubw'ivyo, twebwe twirizera, dutegerezwa gukomera kw'ibanga, ntitwemere ikintu na kimwe gishobora kudukura k'ukuri kudahera. Dutegerezwa kwitanga dukorera IMANA, tuyibwire abandi, tuzi ko ico gikorwa kitoroshe kandi kidatsindwa. 1Abikorinto 15 :58.

Muguheraheza, senga, mu kuyitazira, kubw'abantu bari kw'isi yose.

Gusengera isi yose: Sengera iki gihugu

Gira umunota umwe muguhindura Isi.

Sengera Moritaniya igizwe n'abantu 2 500 000 bo muri Afrika y'uburengero. Ibice 99,7% ni abatizera, aba islamu n'abakene 8

3. GUSABA IMANA (Gusenga)

Ni ayahe masengesho akora ku mutima w'Imana? N'amasengesho yozana abantu kuri Kristo. (Zab.2:8)

Igisomwa :

Ezekiyeri igice ca 34

Icigwa nyamukuru :

1. Umurongo wo gufata mu mutwe:

«Kuko abo tunigana atar'abinyama n'amaraso, ariko tunigana n'abakuru n'abafise ububasha n'abaganza iyi si y'umwiza, n'impwemu mbi z'ahantu ho mw'ijuru. » Abanyefeso 6 :12

2. Iyumvire kuri uyu murongo : Ivyakozwe n'Intumwa 26 :28-29

Agripa yishura Paulo ati : « Unkwegesha ivyo bike ngo umpindure umukristo ? » 29. Paul ati ndasaba Imana ari bike ari vyinshi, yuko atoba wewe wenyene, ariko n'abanyumva uyu munsu ko vyobahindura nkanje, ukuye iyi minyororo.

. Ganira kur'ibi :

Ni vyiza ko tworonka akanya ko gusenga hamwe no gushira mu ngiro ivyo twize.

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Rondera umwanya wo gusenga, uri wenyene canke mu mugwi, musengere ibintu vyose bikenewe kugira ngo tube ivyabona vy'ukuri vya Yesu.

Igikorwa c'ukwandika ku bigira urupapuro rw'umutsindo :

Andika isengesho ukurikije akarorero ko muri 1 Timoteyo 2 :1-8, mur'iryo sengesho usengere abarongozi bo mu nzego zitandukanye b'igihugu n'abantu bose baba mu gihugu canyu. Nturenze impapuro zibiri. 11

Iyumvire kuri uyu murongo :

Ivyakozwe n'Intumwa 26 :28-29

. Icigwa nyamukuru :

Igugu ry'Abantu benshi

Umusi umwe, nari mw'isoko ndindiriye imbere y'iduka kuko hari abantu benshi bariko barasunikana mu kugura. Narahatswe kuvunika kuko abantu

bari benshi cane basunikana. Ico niyumviriye ubwa mbere, nasuzuguye abo bantu bariko barasunikana kuko batera urwamo, bamwe bariko baranywa, abandi batumura itabi, abandi nabo bariko baravuga ibitaroranye. Hanyuma nca nibuka igihe Yesu yabona igugu ry'abantu benshi imbere yiwe. Ntiyashavuye, ahubwo yababonye nk'abantu basabagiye bataye ivyizigiro, aca abagirira impuhwe. Kandi asaba abigishwa biwe ngo basabe Data arungike abimbuzi (Matayo 9:35-38).

Intama zitagira umwungere

Naciye nihana ukutihangana kwanje nca ntangura gusenga. Numvise Imana imbwire mu mutima waje ngo : « "Nimba wifuza vy'ukuri gufasha abo bantu, nta bubasha bw'umuntu n'umwe bwobigushoboza. Ico wokora ciza n'uko wonyiyegereza kugira ngo nishure amasengesho yawe, nkize aba Bantu"».

Hari amasengesho muri bibiliya yazanye abazimiye?

Iyumvire gato kur'iki kintu cane cane nimba uzi Bibiliya cane. Ni hehe mwoshobora kuronka uturorero tw'abantu basenze IMANA ngo ikize abantu nka mama, papa, umwana, umukoresha, umubanyi, n'abandi? Inyishu iroroshe: Ntaho muzobisanga.

Kubera iki?

IMANA irerekana neza ko yitangiye kubaha agakiza. Iravyitangira kudusumvya. Ico kibazo yaramaze kugitorera inyishu. Imana yaratanze isezerano ryo guhonyora umutwe.

Umutwe werekana ububasha bwa Satani (Itanguriro 3:15).

1. Imana yaragumije isezerano ryayo ryo guhezagira ikiremwa muntu nk'uko tubibona mw'Itanguriro 9:1-17, Itang. 15, 17, Kuvayo 34:10.
2. Naho abantu bishe ayo masezerano, Imana kubw'ubuntu n'urukundo vyayo ishiraho irindi sezerano rishasha muri Yeremiya 31:31.
3. Imana yahaye ubwoko bwose bw'abisirayeri gukora igikorwa co gushikana imigisha mw'isi. Kuvayo 19:5-6
4. Yasezeraniye Aburahamu, ko muri we imiryango yose yo kw'isi izohezagirwa, Itanguriro 12:1-3.
5. Imana yahaye ubwoko bwose bw'abisirayeri gukora igikorwa co gushikana imigisha mw'isi. Kuvayo 19:5-6

6. Muri Ezekiyeri 34: 4, 12, 16, Data arerekana umutima w'imbabazi kubazimiye. Avuga ngo naho umuntu ubwiwe vyamunaniye azokwironderera ubwiwe abazimiye, azozana abaguye, azovura ibikomere, aremeshe abacitse intege.
7. Ikirengeye ivyo vyose, Imana yarungitse Umwana wayo Yesu Kristo, kurondera no gukiza abazimiye (Luka 19:10, Luka 4:18).
8. Igihe IMANA yarungika Mpwemu Yera igikorwa ca mbere yakoze cabaye kumenyeshya abantu bari bavuye mw'isi yose, mu ndimi zabo ibitangaza vy'Imana. Ivyakozwe n'Intumwa 2:1-12

N'irihe sengesho ryiza twosenga riri muri bibiliya?

Ubu turamaze kubona uko Imana yitanze ikiyemeza gukiza, turashobora gusengana n'impuhwe, kwihangana, no kwinginga mw'Izina rya Yesu tuti: « *Ubwami bwawe buze, ivy'ushaka bibe kw'isi nk'uko biba mw'ijuru* ». Amen».

None iryo sengesho tworisenga gute?

Naho tuzi ko Imana ifise intumbero irashe yo gukiza abantu, turakeneye n'ubundi gusenga, kandi tugasenga imisi yose, twinginga, dufise ishaka ryo kubona abazimiye bagarukira Imana.

None twosenga gute?

- Ubwa mbere, dutegerezwa kwisengera.
- Kugira ngo Impwemu yacu yuguruke tubone koko ko turi abazimiye. Ivyah. 20 :11
- Kugira ngo turonke umutima w'ikigongwe kur'abo bazimiye. Luka 19 :10 3.
- Kugira ngo Imana yugurure imiryango. Ivyak. 14 :271, Ab'Ikorinto 16 :9, 2 Ab'Ikorinto 2 :12, Kol.4 :3, Ivyah. 3 :8
- Kugira ngo dutahure uburongozi bw'Imana. Ivyak. 8 :26 kubandanya.
- Kugira ubwenge kugira ngo tumenye akaryo Imana iduhaye tutari tukiteze n'uko twokwifata. Yakobo 1:5 6.
- Ubuhizi, ubushizi bw'amanga. Ivyak. 4 :29, Ef. 6 :19 7.
- Kugirango Mpwemu Yera adushoboze kwemeza abantu, Ivyakozwe n'Intumwa 1 :8.

- Kubw'Ijambo ryayo yaduhaye, Yesaya 59 :1, Yereimiya 1:9 9.
- Ivyiyumviro vyo kugomba kubiba no kwimbura. Matayo 13 :1-23, Isaya53:10- 11

Dutegerezwa gusengera abandi imisi yose

Amasengesho ni uburyo bwo kwereka Imana urukundo tuyikunda, ivyipfuzo nyamukuru biri mu mitima yacu, ivyatunaniye tugomba ko yodukorera n'ibindi kandi tukabiyibwira mu majambo. Paulo araduha inyigisho z'ukugene twomenya gusengera abantu muri 1 Timoteyo 2 :1-3 Kudasengera abantu Imana ibibona nk'icaha

« *Kandi nanje ntibikambeko ko noreka kubasengera ngacumura kuw'Uhoraho.....* » 1 Samweri 12 :23

Gusenga n'urugamba mu buryo bw'impwemu.

Naho Umuganwa wiy'Isi, Satani, yateye ubuhumyi imitima y'abantu, amasengesho azokwugurura amaso yabo yahumye, azokiza imitima yabo iri mu buja bwa Satani kugirango baharirwe bagaruke mu muryango w'abizera. 2 Kor. 4 :4, Ivyak. 26 :18

Dutegerezwa gusenga, tugwanya kandi dusambura ibikorwa vya Satani yo yagize imbohe Abantu, kugira ngo tugaruze abantu bose yagize imbohe, amafaranga n'ubutunzi yatunyaze, n'ibintu vyose vyo guteza imbere igikorwa c'ivugabutumwa. Efeso. 6 :12

Kubwivyo, ni ikintu tutofata minenegwe kuba Yesu yasavye IMANA ngwirungike abakozi baze mu murima mugihe co kwimbura. Kurungika bishaka gusobanura gutera intambwe. Matayo 9 :38, 2 kor. 2 :11. None twobikora gute? Ni mu gusenga.

Amasengesho yishurwa

Bibiliya iratubwira y'uko ishengero rya mbere ryabayeho risenga cane kandi Imana yabongera abizera imisi yose, kuko abarongozi batahura agaciro k'ijambo ry'Imana n' amasengesho. Ivyo vyatuma igitigiri c'abigishwa kigwirirana cane. Ivyak. 2 :42-47, 6 :4-7.

Nimwibuke, dusenze mu bugombe bw'Imana, vyukuri inyishu iba iri mu nzira iza. 1 Yoh. 5 :14-15, Mar. 11 :24, Mat. 18 :19, 7 :7, Yer. 33 :3.

Mara umunota usenga isengesho ryohindura isi

Sengera Algeria

Ituwe n'abantu 30 000 000 99,4%
n'aba islam, barwanya ubutumwa bwiza.

4. UBURYO BUTANDUKANYE BWO KWAKIRA AGAKIZA

Abantu muhura barashobora kuza kuri Yesu

Igisomwa: 1Petero 3:8-22, Danieli 12:2-4

Umurongo wogufata

"Ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu kw'ari we Mwami, muhore mwiguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y'ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n'ubugwaneza, mutinya" 1Petero 3 :15.

Ganira kur'ibi :

Ni ikihe kibazo ushobora kubaza umuntu kugirango inyishu akwishura itume umushingira intahe?

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Ni wibuke ukuntu Imana yakurongoye ikagushikana ku kuyizera n'ingene yagiye igufasha umaze gukizwa. Vyandike, bibwire abagenzi mu buryo busanzwe (udahengamiye kw'idini), kandi nturenze iminota ibiri mu kubivuga.

. Igikorwa c'ukwandika ku bigira urupapuro rw'umutsindo :

Andika ico umugani w'umwana w'icangazi ukwigisha ku bijanye n'abazimiye n'umutima Imana ibafitiye wo kubagarura mu rugo, nturenze impapuro zibiri.

Iyumvire kur'uyu murongo ijamba kw'ijamba :

2Timoteyo 1 :7

Kuk'Imana itaduhaye umutima w'ubujora, ariko yaduhaye uw'ubushobozi n'urukundo n'ukwirinda

Icigwa nyamukuru:

Petero, intumwa ikomeye n'umwungere akundwa yarakora igikorwa c'ivugabutumwa kenshi. Ariko kandi muri we harimwo n'ingabire y'ubwungere 1Pet. 3:1-8. Ku murongo wa 13 yateye intege ishengero ryose kugira umwete wo kuzana abandi kuri Kristo. Tugomba gukurikiza impanuro ziwe nziza.

1. Dutegerezwa kugwanya ubwoba

Hari ishengero muri Espanye aho abagabo n'abagore baba mw'ibarabara. Babaho ata na kimwe bubaha, bafata ibiyayura mutwe kandi bakagurisha imibiri yabo. Yesu kubw'urukundo n'imbabazi yarakijije benshi muri bo.

Bakora amabi atandukanye atagutinya, ariko igihe gishitse c"ukuvuga Yesu Kristo, kumushingira intahe no kubwira abandi ubutumwa bwiza baciye bagira ubwoba aho tutashobora kwumva bavuga bati :

- " Abantu bazontwenga ".
- "Abantu bazokwiyumvira ko ndi umusazi ".
- " Kwibaza ko haruwo mukubita".
- "Singomba ko abantu bazompeba".

Bibiliya iratubwira ko IMANA itaduha Mpwemu w"ubwoba ariko iduha Mpwemu w"inkomezi, w"urukundo n"ubwenge n"ubwitonzi. 2Timoteyo1 :7

Ubwoba buva hehe ?

Ni nde adashaka ko tuvuga ivya Yesu Kristo? Ni Satani. Twumviye Imana, turashobora kunesha umwansi Satani kandi azoduhunga. Yakobo 4:7

Tugire imitima yumvira.

Dutegerezwa guha ikibanza ca mbere Yesu Kristo mu mitima yacu nk"Umwami. Kumvira Umwami ni gukunda gukora ico cose kizana inyungu kuri we, n"ico cose yita ic"ikimazi kuri we. None ni ibihe bifitiye inyungu Umwami wacu Yesu Kristo?

- 1 Kand"Umwana w"umuntu yazanywe no kurondera no gukiza icari cazimiye" Luka 19:10.
2. Mpwemu w"Uhoraho ari kuri jewe, nico catumye andobanuzama avuta kugira ngo mbwire aboro ubutumwa bwiza" Luka 4:18.
- 3 "Ntiosiga izindi mirongo icenda n"icenda mu gahinga, akaja kurondera iyazimiye, kugeza aho ayibonera?" Luka 15:4.

Abantu bazimiye, batagira ivyizigiro n"ab"agaciro kuri Yesu (Matayo 9:36-38). Birashoboka ko umuntu yokizwa ageze kumpiro ariko ni vyiza cane iyo hagize uwukizwa agikomeye. Urazi abo uyo muntu azoshikana kuri Kristo uko bazoba bangana?

3.Petero yama vuga!

Dutegerezwa kuba indarangavye mu kuvugira Yesu mu gihe ic"ari co cose, ku murango canke mw"ijoro. Imana irashobora kugutuma mu gihe gikwiye n"ikidakwiye kugira ipime ubwizigirwa bwawe.

Mu Buhindi hari umugwi w"abakristo bariko bavuga ubutumwa bwiza, maze mu gihe bahejeje ibikorwa, hari ubushuhe, indugumba n"inkungugu nyinshi, bicaye ngo bafungure, ubwo nyene umuhindu (ubwoko busenga ibigirwamana) aca araza yikubita imbere y"ibirenge vyabo. Asaba ko hogira

umurongora ngo yakire Yesu. Ico cari igihe kidakwiye kuko cari igihe co gufungura; ariko mwibaza ko aba bakristo bavyifashemwo gute? Ari wewe woca ugira gute? Wohagarika gufungura ugakiza ubwo bugingo, canke wogira uti reka sha mbanze nirire? Buri igihe mube mwiteguye!

4. Woba witeguye ?

Petero avuga yuko dutegerezwa kuba twiteguye imbere y'uko twoja mu rugamba atari uko turashobora kuneshwa. Dushobora kwitegura gute ? Nk'akarorero, wame witeguye :

- Mu buryo bwa Mpwemu**, wame mu masengesho
- Mw'Ijambo ry'Imana**, Wige Ijambo ry'Imana, uritahure neza
- Mu bigumbagumba**, igihe wumvise inkuru mbi, zibabaje. Wame witeguye kugira ico wokora.
- Mu bumenyi**, hari uburyo bwinshi bwo gushikana abantu kuri Kristo. Rondera ubumenyi bwose bukenewe.
- Gushira mu ngiro**, wame witeguye gushira mu ngiro ivyo uzi mu gihe gikwiye n'ikidakwiye.

5. Petero akoresheje ijambo ngo uw'ariwe wese

Twese twipfuzaga kugendana n'abantu bamwe bamwe ariko iyo hageze aho kuvugaga ubutumwa, nta n'umwe twokwiringagiza kuko kuri Yesu Kristo abantu bose nab'agaciro. Baba abahambaye, aboroheje, abatunzi canke abakene Imana ibakunda bose co kimwe.

6. Bareke babaze ibibazo

Urashobora gutanguza ikiyago gituma abantu babaza ibibazo nk'akarorero, ngo "ukora iki kuwa gatandatu no kuwa mungu?" canke "utemberera he kuwa gatandatu no kuwa mungu?" Ivyo vyotuma uronka akaryo ko kumuganiriza ku bijanye n'aho usengera canke ivy'ukwizera kwiwe.

Intumbero yawe ni kuroba abantu. Mu kuroba ifi ushirako akantu iza ikurikirana. Har'abo bizogusaba kwihangana kugira ubarobe. Wame ugavuye kugira ntuhombe akaryo kose Imana yoguha.

Akaryo karashobora gushika mu gihe utavyiteze

Umupastori yari mu gariyamoshi, umukobwa yari yicaye hafi yari afise ingorane za hasima. Abantu bose birabira hirya, ariko uyo mupastori aramwegera kugirango amufashe, avuga ko azi ububabare bwiye kuko nawe yarigeze kugira ingorane za hasima. Hanyuma asubira mu kibanza yararimwo.

Haciye akanya, uyo mwigeme aramubaza ukuntu izo ngorane za hasima zaheze. Mu minota itarenze ibiri uyo mupastori yamusiguriye ukwizera

kwiwe ko Imana yizera ikiza. Uyo mukobwa yaciye amwemerera ko azogaruka kumuraba.

7. Woshobora gusigura ivyizigiro vyawe mu mwanya muto?

Iyo uganiriye n,,umuntu muhuriye mw"ibarabara hanyuma ikiganiro canyu kikerekera ku vy,,ukwizera Imana, ubona utogerageza kuvuga ivyo Yesu yagukoreye nko mu minota ibiri gusa? Tangura uvyimenyereze uri kumwe n"abagenzi bawe, umwe avuge abandi bamurabire kw"isaha kugira ntarenze

8. Suzuma inyifato yawe

Inyifato yawe, mu maso hawe (intwengo, kumwenyura canke ishavu n"ibindi) birashobora kuvuga cane gusumba amajambo. Petero avuga ko tugomba kwishura abantu mu bwitonzi n"ubugwaneza. Inyifato nziza ntikunda kuboneka muri iyi si y"iki gihe. Raba ko inyifato yawe abantu boyifuza.

9. Witegurire n'imibabaro

Petero avuga ati, Nimba ari ubugombe bw"Imana, mwame mwiteguriye guhamwa muhorwa gukora iciza. Hari abantu batazigera babumviriza namba. Ntugire ico utinya n,,aho bogutwenga canke bakagutuka. Ibuka ko Yesu yapfuye kubera ivyaha vyacu rimwe risa, umugororotsi yapfiriye abanyavyaha, kugira ngo adushikane ku Mana

Mara umunota usenga isengesho ryohindura isi

Sengera Ububirigi

Igice 114 bivuga ku vy Isi

butuwe n"abanyagihugu bashika 10 000 000 Bafise amahinguriro menshi, baratanze cane. Ariko ikibabaje, n"ibice 0.32%

bimaze kubwirwa ubutumwa bwiza 14

5. UBUZIMA BW'UMUVUGABUTUMWA

Ni ikintu ki cotuma abantu bakumviriza?

Igisomwa:

Mariko ikigabane ca 1

Umurongo wo gufata ku mutwe:

"Yesu avuga ati: " igihe kirashitse, Ubwami bw'Imana buri hafi: mwihane, mwemere ubutumwa bwiza". Mariko 1.15 Voici le verset à retenir:

Ganira kur'ibi:

Ganira ku bibazo biri ku mpera y'iki cigwa

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Harageze gukora nk'uko Yesu yakora. Kuja mu bigwati aho utarigera uja, ukavugayo ubutumwa bwiza. Torana babiri babiri, mumaze gusenga mugende mukorere mu mugwi.

Igikorwa c'ukwandika ku bigira urupapuro rw'umutsindo :

Rondera mu butumwa bwiza no mu gitabu c'abaheburayo 5:7 wandike ivyerekana uko Yesu yasenga. Nturenze urupapuro rumwe.

. Iyumvire kur'uyu murongo ijambo kw'ijambo :

Abaheburayo 2:3-4

Icigwa nyamukuru:

Muri Mariko 1:45, havuga ko abantu baza kuri Yesu bavuye mu mihingo itandukanye .

Ntibaba baje kw'isengero, mu gukorane canke mu bikorwa rusangi. Baza kubera Yesu. Hamwe twomenya igituma bamuzako tukagikora nta nkeka abantu bazozza kuri Yesu n'ubundi.

1. Yesu yaraha ikaze Mpwemu Yera.

Yesu yarumviriza Mpwemu Yera, Mariko 1. 9-12, yaramwumvira, akemera kurongorwa nawe, agakora ico amubwiye gukora

Kuki ari ngombwa?

Yesu yabayeho nk'Umuntu ariko kurugezo runaka, nkatwe, ariko igihe yavuka yasize inyuma ubumana bwiwe (fil 2:6-7). Yemeye kuza mw'isi, avuka nk'uruyoya. Ntiyaje nk'intwazangabo, umutunzi akomeye canke

umutegetsisi akomeye. Yesu yabayeho ubuzima busanzwe cane, nka kurya natwe twumva imbeho, inzara, inyota, umunezero, umubabaro.

Yaboneka nk'umuntu ashobora gukehanirwa ariko yari yuzuye ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ubwo boshobozi bwatuma atakintu na kimwe kimunanira. Natwe niko twagomba kumera. Hamwe twokora nka we ntacotunanira (Luke 4.18)

2. Yesu yaranesha ibigeragezo vya Satani.

Mariko 1:13, Matayo 4:1-11, Mubugaragwa Yesu yar'ashonje, acitse intege igihe Satani yaza kumugerageza ngo akoreshe ubushobozi bwiwe mu bintu bitagira ikimazi (guhindura ibuye umukate).

Hanyuma, Satani yamugerageresheje guhunga ububabare bwo ku musaraba n'ibindi vyinshi, Ariko Yesu ntaho yigeze yemerera Shetani na gato. Yagumye ari umwizigirwa ku Mana no mu mugambi wayo. Satani arahunga aneshejwe.

3. Yesu yashira imbere ivuga ubutumwa.

1. Yavuga ko amajambo yiwe kw'ari ubutumwa bwiza.
2. Yavuga ko Ubwami bw'Imana buri hafi.
3. Yavuga ko igihe ko gishitse.
4. Yabwira abantu ngo bihane, bizere, Mariko 1:14-15

Kenshi usanga tuvuga ubutumwa mu buryo bwiyoroheje, ariko kandi ni vyiza ko tubwiza abantu ukuri. Tukababwira kwihana, kwizera no guhindukirira Imana tudacishije ku ruhanda. Ntiwiyumvire ko woba ukoze ukutariko.

Miguel Diez afise abantu bashika 3,000 avuga ubutumwa bwiza I buraya. Muri Florida hari ishengerero ryabwiye abantu ubutumwa bwiza hakizwa abasaga 100,000 mu myaka ibiri gusa. Carlos Anacondia muri Argentina abantu bakiriye Yesu bashika 8,000,000 biciye mw'ivugabutumwa gusa nyakuri, ni kuvuga ko bavugaga ubutumwa badacishije ku ruhanda.

4. Yesu yaramenya igihe c'Imana.

Yesu ntaco yakoze atarakwiza imyaka 30. Ni igihe umwami Herode yashira Yohana mw'ibohero, niho igihe Imana yari yagereye igihe. Yesu yaciye amenya ko umwanya wiwe kugeze. Yesu yaramenye igihe ciwe. Twaribiwe akabanga ko twokwama tugavye kugira ngo tuzomenye igihe azoba ageze kurugi. Nimba twoshinga ugutwi kwacu k'ubuvugishwa bwavuzwe n'Imana, Ishengerero, Isilayeri, n'ukundi gutwi kubibera mw'isi, turashobora gutahura ibihe tugezemwo. Mariko 13.28-36, Matayo 16, 1-3.

1. Nowa yaramenye igihe aca yubaka ubwato.
2. Mose yamenye igihe aca kura abisirayeri mu buja.

3. Daniyeli yamenye igihe, yasengeye abantu b'imana kugira ngo igihe co mu buja kirangire.
4. Imana yaramenye ibihe hama aca arungika Yesu.
5. Yesu yaramenye ibihe aca atanga ubutumwa bwiza.

5. Yesu yarashaka infashanyo iva kubandi b'abantu.

Nyakoze vyose wenyene, 1.16-20. Abantu barumvise umuhamagararo kwiwe, baca bitaba badatevye, bagasiga vyose, bakamukurikira bigatuma igikorwa c'ivuga butumwa caguka. Baragabuye amabanga canke ibikorwa.

1. Ubwa mbere yari Yesu gusa.
2. Hanyuma, yari Yesu n'abantu 12 biyongereye.
3. Hanyuma 12 bavyara 3,000 biyongereye.
4. Bava ku 3,000 baba 5,000 vy'abayuda.
5. Hanyuma haza abavuye mu mihngo itandukanye biyongereye hagati yabo.
6. Hanyuma yivyo Inkuru nziza iba irakwiragiye muri Afrika na aziya, Uburayi, amerika na Australiya naho harashikirwa gushika kure na kure.

6. Yesu yarerekanye ububasha bw'Imana.

- Yirukana abadayimoni, Mariko,1,25.
- Yakijije umururumbo wa maralia, Mariko,1. 31.
- Yakijije abagwaye benshi abakuramwo abadayimoni, Mariko,1.33; 39.
- Yakijije umunyamibembe, Mariko,1.42.

Igihe cose Yesu yakora ibikorwa bimenyekanisha ubushobozi bw'Imana, ari urukundo rwayo, n'ikigongwe ifitiye abantu. Ivyo bikorwa vyatuma inkuru yiwe ikwiragira cane, Mariko,1.28,45, Abantu bava mu bisagara bakaza kumuraba, Mariko,1:33,37.

7. Yesu yaritangira gusenga.

Yesu yakora nk'uko Data yakora, Yohana 5:19, yama ateze ugutwi kugira amenye ubugombe bwa Se. Rimwe na rimwe yarazinduka kare mu gatondo, canke ku mugoroba ahejeje kwigisha, mbere har'aho yakesha ijoro ryose asenga. Ivyo vyatuma amenya ico Imana igomba, Mariko 1: 35.

8. Yesu yaritangira abantu.

Yari afise uburenganzira bwo kuguma mu kibanza kimwe kugira amenyekane cane, ariko yama agendagenda mu mihana hirya no hino avuga ubutumwa, 1:37-39.

Yesu yarakunda abantu, yarakunda n'abo bigoye kwiyumvirako nk'abanyamibembe, abarwaye abadayimoni n'abandi bafise indwara mbi zitandukanye mbere zandukira.

Yesu yakoresheje ukwitanga n'urukundo rw'Imana kugira ashobore gushikira benshi. Ikivyemeza n'uko abantu bakomeza kuza kuri we bavuye mu mihingo itandukanye. N'ubu baracavyifuza. Baracakeneye urukundo rw'Imana, baracakeneye kubohoka n'ibindi vyinshi. Yesu yakoresha na Mpwemu Yera. Yavuze ngo abazomwizera bazokora ibirengeye ivyo yakoze kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera uwo Yesu ubwiwe yaturungikiye.

9. Ibibazo twokwiyumvira ko:

1. Ni iyihe migambi ufise yo gushira ubutumwa bwiza abantu?
2. Ni gute witangira gusenga?
3. Usengera iki iyo usenga?
4. Woba ukoresha ingabire za Mpwemu?
5. Woba waremeye umuhamagaro wa Yesu?
6. Mbega ntubona ko igihe c'Imana ar'iki?
7. Woba ushira imbere kuvuga ubutumwa bwiza?
8. Woba utsindisha ibigeragezo vya Shetani amasengesho, Ijambo no gufata ingingo nziza?
9. Mbega woba warujujwe Mpwemu Yera igihe wakizwa, woba ukimwuzuye imisi yose?

Mara umunota usenga isengesho ryohindura isi

Sengera Mongolia Abamongolia

bashika 3, 000,000

Basenga ibigirwamana abizera ni nka 60,000

gusa Nta nsengero bagira Babayeho ubuzima bubi

6. GUKORESHA UBURYO BWOSE

''Kugira ngo dushobore gushikana imiryango yacu, ababanyi n'abagenzi birasaba ivugabutumwa nyakuri''

Igisomwa:

Imigani 24

Umurongo wo gufata ku mutwe:

Kuk'ubutumwa bwiza butantera isoni, ar'ubushobozi bw'Imana, buzanira uwizeye wese agakiza, uhereye ku muyuda ukageza ku mugiriki. Abaroma 1:16

Ivyo twosangira:

Mbega ni ijamba ryo gutanguza tuba dukeneye? Turizera ibivugwanone twokoriki?

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Kora urutonde rw'abantu bo mu muryango wawe – abavyeyi, abana, abuzukuru, abavyara, abakwe, abakazana, abishwa n'abandi. Gendera bakeyi mubo ushoboye ubabwire ivyo ukora. Bumvirize, hama urabe ko haruwo vyakozeko

Igikorwa c'ukwandika ku bigira urupapuro rw'umutsindo :

Raba k'urutonde ruri hepfo mu gice ca 2. N'abahe bantu bashobora kuvuga bati « Ivy'ubukristo ntiturigera tuvyumva » Bashobora kuba ari abantu uzi batararonka abababwira ubutumwa canke aho abamisiyoneri batarashika. Vuga abo woba uzi, usigure n'igituma bovuga batyo (nturenze igice c'urupapuro). Ikindi gice gisigaye, candikeko abantu bashobora gutanga inyishu cumi zisigaye, uvuge n'igituma botanga izo nyishu.

IV. Iyumvire kur'uyu murongo ijamba kw'ijamba

Abaroma 10:14-15

Icigwa nyamukuru:

Tugabura abatuye isi mu migwi myinshi. Dufatiye ku rukoba, abatunzi n'aboro, abize n'abatize, ibihugu, amoko n'ibindi. Ariko Yesu we uko tubabona siko ababona. We ababona mu migwi ibiri gusa: Abakijijwe n'abatarakizwa, abavutse ubwa kabiri n'abavutse ubwa mbere. Uwutari mu mugwi umwe ari mu wundi. Iyi niyo migwi igize isi, niyo yamye ho, niyo izokwama ho. Vyavuzwe na Stanley Joneswo mu Buhinde.

1. Mbega umutima w'Imana umeze ute?

Imana irihangana, ntigomba ko hari n’umwe yoranduka, ariko igomba ko uwo ariwe wese yoshika kugukizwa. Nta yindi nzira, igomba gukoresha twebwe kugira ibishikeko. Mwibuke ko turi umubiri, amaboko, amaguru, umunwa vya Kristo ngaha kw’isi. 2 Petero 3.9

2. Umuntu yari hehe?

,uvyukuri umuntu ashopora kuba imvukira yo mucaro mwishamba. Ariko ntuzze wibaze ko abantu bo mucaro ko batazi Imana. Abantu bose bisanga mu mice itandukanye nabandi ugereranije n’ukwizera Inkuru nziza. Ubu abantu benshi usanga bari ku ngero zitandukanye zo kwizera. Ni vyiza ko dukora ubushakashatsi kugira tumenye aho abatarabwirwa ubutumwa na gato baherereye. Utu turorero turi hasi twogufasha kumenya urugero umuntu ageze ko kugira umenye ico womufasha. Hari abagira ibishoboka mukubabwira iyo nkuru nziza.

- Ivy’ubukristo? Ntituravyumva na mba.
- Ivy’ubukristo? Turamaze kuvyumva ariko ntituzi ivy’ari vyo?
- Ndamaze kumva ubutumwa bwiza.
- Ndatahura ubutumwa bwiza.
- Ubutumwa bwiza ndabuha agaciro kanini.
- Ndakeneye ikigongwe n’urukundo rw’Imana.
- Mfasha kugira nakire Kristo.
- Nsengera nakire Kristo.
- Ndiko ndiyumvira ingingo nofata.
- Ndagomba ishengerero nosengeramwo.
- Ndagomba kububwira abandi.

3. Twokora iki?

Paulo yotubera akarorero keza. Ku Bayuda yifata nk’Abayuda, ku Banyamahanga yifata nk’Abanyamahanga, ku banyantege nke yifata nka bo kugira uko vyogenda kose abaronke ababwire ubutumwa. Iryo niryo vugabutumwa nyaryo, 1 Korinto 9:19-23.

Iyo ishengerero ritanguye kubaho ryironderera inyungu aho kubaho rirondora abantu niyo ntango yo gupfa. Ivugabutumwa ni nk’amaraso agize ubuzima bw’ishengerero. Umukristo wese agomba gutahura ko ahamagarirwa kuzana abantu kuri Yesu buri musi.

4. Ni gute wokora ivugabutumwa wewe ku giti cawe

Abakristo benshi baravyifuza ariko se botangura gute?

1. Yesu yavuze ko hogeda babiri babiri. Jana n’umugezi (musangiye igitsina).
2. Wiga kuvuga ubutumwa neza iyo uriko urabikora. Uze uraja gufasha abandi.

3. Tangurira ku bagenzi canke abo mu muryango wawe, abo mukunda kubonana kenshi bazi intahe yawe uko wahindutse umaze gukizwa. Hari abo bitangaza bipfuza kubimenya.
4. Ni wizere kubw'abagenzi bawe batarakizwa. Bo nta kwizera bafise, batize ukwawe (igihe ubabwira ubutumwa, izere ko bokizwa).
5. Saba Mpwemu abe ariwe ategeka.
6. Kunda kuvuga Yesu: ko akiza, ahezagira, ababarira. Wibuke ko ari kumwe nawe ngo agufashe. Ni witangire kubasengera uzobona Imana ikora.
7. Erekana urukundo rw'Imana mu gufasha abantu mu buryo butandukanye. 1 Yohana 3.18.

Sengera imiryango kuko Ima iyiyumvirako cane. Rondera akanya ko kuganira n'abantu ivya Yesu mu miryango kuko har'aho usanga bibanezera. Bizotuma akaryo keza ko gutuma bakizwa kabonka, Ivyakozwe n'intumwa 16:31

5. Womenya gute uwo wobwira?

Ibanga riri mu kumenya ico Imana igomba gukora ukaba uwo gukorana nayo. Wokimenya gute? Abaroma 3:10 havuga ngo "Ntawurondera nta n'umwe" Ariko Yesu nawe yavuze ngo "Nta n'umwe ashobora kuza kuri Jewe Data atamukwegereye" Yohana 6:44.

N'iki cokwerekana ko Imana har'ico yakoze?

Ikimenyetso kimwe muvuyotwerekana ko Imana yamukwegereye ni kubona uyo muntu anezererewe ivya Yesu. Ico kimenyetso ukibonye, ntutebe gukorana n'Imana mu kumushikana kuri Kristo. Utabinezereye mureke ntumugobere, umusengere urindire igihe gikwiye, Matayo 10:14

6. Ishengero ryo ryovuga ubutumwa gute?

Hariho uburyo butatu bwo gukoresha ariko ni vyiza gusenga no kwizera kugira ngo Imana abe ariyo irongora abantu.

a) Ivugabutumwa ryo mu bikorwa Ishengero rifise ubuzima buhindutse rwose rirashobora kuvuga ubutumwa rikoresheje kwerekana ingeso nziza. Ariko iyo rifise abakristo batari ab'akarorero, biratuma abantu bakengera ubutumwa bwiza. Ubuzima bwacu barashobora kuba bibiliya isomeka gusumba igitabu. Ibikorwa vy'urukundo nko gufasha abakene, abarwaye, abashonje, abapfuzwe n'ibindi nk'ivyo biba intahe ikomeye cane yotuma abantu bizera.

b) Ivugabutumwa ryo mu majambo Ivugabutumwa ryo mu majambo riherekeza iry'ibikorwa. Iyo habaye ibikorwa bishingira intahe urukundo rw'Imana, kuvuga ubutumwa ku mabarabara, kwerekana amafilime, gutanga udutabu two gusoma, gukoresha ibikorane bigira ubushobozi.

c) Ivugabutumwa ryo kwemeza abantu In 2 Cor 5.11 Paulo aravuga ivyo kwemeza abantu. Amashengero menshi ahora ashiraho amashure ya bibliya kugira abakristo batahure neza ijambo ry'Imana bashobore kwemeza abantu atawobatsinda. Bagashwara mu mihana inzu ku nzu, mu mashure, mu bitaro, bagasanga abantu ku kivi (aho bakorera), bagakoresha kuvugira kuma radio n'ama television n'izindi nzira nyinshi zituma bashikira abantu. Hari ho amashengero afise umwete wo guha inyigisho zifasha abakristo gukwiragiza ijambo ry'Imana mur'ubwo buryo nk'uko Paulo yabikora, ivyakoze n'intumwa 19:8

Ariko ivyo vyose bigira ubushobozi iyo bishigikiwe n'amasengesho. Isengere, sengeru umugwi mukorana, sengeru gahunda, sengeru abo mwabwiye ubutumwa batarafata igitangira, sengeru abo mutegekanya kububwira, sengeru ubushobozi bwa Mpwemu bugaragare n'ibindi vyinshi.

Mara akanya usengeru iki gihugu

Sengeru Egiputa (Musiri)

Ituwe n'abantu 60,000,000

bavugaga icarabu ibice 86% n'abisilamu ibice 13%

n'amashengero rukristo 19

7. URAFISE IBIKWIYE

'' Ijambo ry'Imana, Mpwemu wayo, n'Abantu bayo barahari kugira ngo bagufashe''

Igisomwa: 2 Timeyo 3:14-17, Luka 4:18, Abaheburayo 12:1-3

Umurongo wo gufata ku mutwe:

Ni co gituma tuvuga dushize ubwoba, tut''Uhoraho n''umutabazi wanjye sinzotinya: None umuntu yoshobora kungira iki? Abaheburayo 13.6

Ganira kur'ibi:

None ko ubu muzi ko ingene Imana ifise umugambi wo kudushigikira iyo tuvuga ubutumwa bwiza ntitworushiriza kubuvuga gusumvya uko twahora?

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Gira integuro y''uko wobwira umuntu umwe, umugwi canke ishengero kuvyerekeye Yesuhamu ugire umugambi wo kubiba Ijambo ry'Imana, rondera akaryo ko kubatera intege, no kureka akanya ka Mpwemu Yera gukora kandi ubibwire abantu babizigirwa bo mu muryango w'Imana bo mukubu canke muri kazoza.

Igikorwa co kwandika kubigira urupapuro ry'umuysindo

Tegura ubutumwa wokwigisha abantu ubabwira ingene Imana ibashigikira iyo bavugaga ubutumwa bwiza. Nturenze urupapuro rumwe ku mpande zose, hama uzitange kubwira gukosora.

Iyumvire kur'uyu murongo ijamba kw'ijamba:

1 Abikorinto 9:15-18

Icigwa nyamukuru:

Tugira tuvuge uburyo butatu Imana ugushigikira mwo iyo ufashe ingingo yo kubwira abantu ivya Yesu ari mw''ibanga canke ku mugaragararo. Agushigikira kubw''ubushobozi bw'Ijambo ryayo, Inkomezi za Mpwemu Yera, n''ibishingantahe vyubushobozi vy'abantu bayo.

1. Ubushobozi bw'Ijambo

- Ijambo ry''Imana riratanganywe n''amajamba y''abantu
- Ni rizima, rihora ho,
- Heb. 4:12, 1 Petero 1:23, Acts 7:38
- Riradutunganya, 2 Tim. 3:16
- Rishitsa ico ryatumwe, Yesaya 55:11
- Rimeze nk''umuriro, nk''inyundo imenagura ibitandara, Yer. 23:29

- Rikorera mu bantu, 1 Tes. 2:13
- Ni inkota ya Mpwemu, Ef. 6 :17
- Ni imbuto iteragiwe, Mariko 4.14-20
- Satani agerageza kwonona imbuto zimwe zimwe
- Kuri bamwe ntibamwemerera ko ahonyoza ikirenge

Hari abantu benshi banyoterewe Ijambo ry’Imana. Abo ni nk’isi nziza iteragirwa mwo imbuto maze zikera 30, 60 canke 100. Urongowe na Mpwemu, wizere ko mubo uzobwira ubutumwa abenshi a’abazokwizera. Ibitandara, amahwa n’inzira bazoba bake.

Yesu yavuze ko imbuto zikura zonyene, buhoro buhoro gushitsa iyimbura rigeze. Nuko umubivyi mwiza arateragira hama akarindira yihanganye, kandi aba nkumurozezi. Mariko 4:26-29

2 Ubushobozi bwa Mpwemu

Azoshingishirisha intahe ibitangaza biva ku Mana mukwishura amasengesho y’abo uzosengera. Ibimenyetso vyerekana inzira, vyerekeza k’ubwami bw’Imana nomu rukundo n’umwitwarariko ifitiye abantu.

Ni ibihe bimenyetso twokwitega kubona?

Raba Yesaya 61:1-2, muri Luka 4:18 naho Yesu yavuze ko mugihe ubutumwa bwiza bubwiwe aboro:

- Imitima irakira.
- Abafunzwe baronka umwidegemvyo.
- Impumyi zirahumuka.
- Abarenganywa bararenganurwa.
- Abantu bemerwa n’Imana

Umunsi umwe Yohana umubatizi yari mw’ibohero, atuma kuri Yesu kumubaza koko kw’ari we Mesiya kuko yari azazaniwe kuko atari yamenye ko ibitangaza biherekeza ubutumwa bwiza nk’uko yari yaravuze. Yesu yamwishuye amwerekana ibitangaza biriko birakoreka ati:

- Abarwaye barakira.
 - Impwemu mbi zirahunga.
 - Ibimuga biramuguruka.
 - Abanyamibembe barakira.
 - Ibipfamatwi birumva.
 - Abapfuye barazuka.
- (Luka 7:20-23, Yohana 10:41)

Abakristo hirya no hino kw’isi Imana iriko irabakoresha ibitangaza n’ibimenyetso. Nta kibuzwa nawe Yesu yogukoresha ni wasengera abantu mw’izina ryiwe. Hari n’ibindi twokongerako biri muri Mariko 16:17-20.

- Kuvuga indimi. (Imwe mu ngabire za Mpwemu)

- Kutuzigama mu makuba
- Turiye ivyica ntaco tuzoba.
- Ibimenyetso vyemeza Ijambo ry'Imana.

None twokora iki?

- Twokurikiza akarorero ka Yesu tubona mu vyak. 10:38
- Twizere isezerano yadusezeraniye. (Ivyak. 1:8, Yohana 14:12)
- Dukurikize akarorero k'ishengero rya mbere.

Bigisha Ijambo ry'Imana mu bushobozi bwa Mpwemu mu karyo kabonetse kose. Raba inkuru zabo mu vyakozwe n'intumwa.

3. Intahe z'abantu b'Imana

N'aho hariho uburyarya bukorwa n'abizewe bishobora kwagiriza ishengero (keshi biba ari ukuri. Dutegerezwa gusaba imbabazi kurivyo), ntihabuze ivyibonekeza ko hari ihinduka mu buzima bw'abakristo. Raba, ubuzima bwawe har'ico bwerekana?

Mushobora kwerekana Urukundo ruri hagati mu bantu b'Imana narwo n'intahe ikomeye. (Raba ko vy'ukuri urukundo rwanyu ruvyerekana.) Mushobora kwerekana ubuzima bw'abagabo na bagore b'Imana muri kahise bakoreshwa n'Imana mu buryo bukomereye; abo nabo n'intahe Imana ikoresha.

Twovuga nk'abazanye ihinduka mu bukristo (The Great Christian Reformers),

Uno musu; muzosanga abantu bubaha abantu b'Imana ariko abafise integenke nivyiyumviro bitandukanye baridoga.

- William Wilberforce, yahagaritse ubuja,
- Shaftesbury, yavugiye aboro n'abakene,
- Dr. Barnardo, yafashije impfuyi,
- Booth, yatanguje ingabo zo kurwanira agakiza (Salvation Army),
- Bishop Tutu, yarwanyije ivangura ry'amoko.

Abazanye iterambere,

- Missionary Livingstone, Studd, bemeye gupfira Afrika,
- Taylor, yihebeye Ubushinwa,
- Carey, yihebeye Ubuhinde,
- Judson, yihebeye Burma,
- Billy Graham, yabwiye ubutumwa abantu ibihumbi.

Abasamariya b'imbabazi

Mugihe co gufasha abashonje, aho irya no hino kw'isi hari abantu b'Imana bihebeye gufasha abagowe, abakene, abatagira aho baba, abanyororo

n"abandi. Ibikorwa bitandukanye vyerekana urukundo rw"Imana biriko bikorwa na bakristo hirya no hino kw'Isi ngo bishingire intahe Ijambo ryayo.

ACET yitaho abarwaye SIDA

- Remar, Teen Challenge na Jackie Pullinger barwanyije ibiyayuramutwe,
- Mother Teresa yafasha abaremvyeye bari kumpiro,
- amashengero muri Afrika y"epfo, Romaniya, Poland, na Amerika y"amaj"epfo arwanira ubutungane.
- Abakristo barwanya gukorora inda n"ayandi mabi.

Naho habaye kunanirwa no guhamwa, aba kristo bashobora guhura n'ibibazo vyinshi, ahariho hose mumwanya uwariwo wose. Inyuma yimyaka 2000 nihamwa kw'Ishengero kuva kera, hari umuvuduko wo kugwirirana kw'abizera, ubutumwa bwiza burakwiragizwa mu buryo bukomeye. Imana ishigikirisha ico gikorwa Ijambo ryayo rizima, inkomezi za Mpwemu yera, n"urukundo n"ikigongwe abantu bayo bafitiye abazimiye. Ivyo bizokomeza kwagura ico gikorwa gushitsa Yesu agarutse.

Mara akanya usengera iki gihugu

Sengera Ubuhinde butuwe n"abantu barenga 1,000,000,000 Abahindu n"aba Islam nibo benshi Abakristo ni bake cane, hari abakene benshi 22

8. IBIMENYETSO N"IBITANGAZA

" Gukorwa ko n'Imana "

Igisomwa:

Kuvayo 33:12-23; Acts 8

Umurongo wo gufata mu mutwe:

Ivyakozwe n Intumwa .8:5-8

Ivyo twosangira:

Mbega ivyo vyo sobanura iki muribi bihe: Yesu uko yarari ejo, nikwo ari unomusi n ibihe bidashira?

Igikorwa co gukora:

Nuko, ubu mutegerezwa kugenda gushira mungiro ivyo mwigishijwe vyose. Ni musabe Imana ibayobore aho iza kugaragaza ubushobozi bwayo.

Igikorwa co kwandika:

Gira urutonde rwibintu bihambaye vyagiye bikoreka dushobora gusanga mugitabo c ivyakozwe n Intumwa.

Umurongo wo gufata kumutwe:

Yohana 14:12

Icigwa nyamukuru:

Urabona ukuntu ishengero rya kera ryagwira cane mu bwinshi no mu gukora neza?

- Gusenga no gufata ingingo, Ivyak. 1.
- Mu bwinshi, abizera 3,000 ku minsi umwe, Ivyak. 2.
- Ubuzima bari babayeho, Ivyak. 2:42-47
- Ubwinshi, abagabo 5,000, bose hamwe boba bashika 15,000, Ivyak.Acts 4:4
- Mu mubano, Ivyak. 4:23-5.11
- Bariyongera, Ivyak. 5:14
- Uburongozi, Ivyak. 6:1-6
- Baragwira, Ivyak. 6:1,7

Kuki ibi bintu vyabera mu bantu bahamwa kandi batize? Kimwe muvabituma n"ibimenyetso n"ibitangaza vyinshi vyakorwa n'Imana. None n"uyu muni biriho?

1. Emanuweli – Imana iri kumwe natwe.

Inyuma y'ibitangaza n'ibimenyetso vyakozwe mw'isezerano rya kera hakurikiye ivuka ry'Umukiza Yesu Kristo ari nawe yatanguje Ubukristo. Ukuza kwa Kristo nako kwaherekejwe n'ibitangaza, ibimenyetso, abamarayika, guhishurirwa, inzozo, ubuvugishwa n'ibindi, Luka na Matayo ibice 1 & 2.

Abantu b'Imana

N'iki gitandukanya abantu n'Imana n'abandi bantu kw'isi? Mu gitaba co Kuvayo 33:15 Mose avuga ko ubwiza bw'Imana aribwo butuma dutandukana n'abandi bantu bose bashagaje kw'isi. Turetse ubumenyi dufise, tubeshejweho n'ihishurirwa, ubwenge n'Ijambo riva mu kanwa k'Imana, n'ugutabarwa kuva mw'ijuru, Matayo 4:4.

Yesu yatubereye akarorero.

Yesu ntiyatubereye akarorero mu gukora ubugombe bw'Imana no kwerekana urukundo ifitiye abantu gusa, ahubwo yadutegetse no gukora ibirengeye ivyo yakoze. Yohana 4:34, Heb. 1:3, Yohana 14:12, Ivyak. 1.8.

2 Yesu yakoze iki?

Ibitangaza vyo gukiza

- Umuhungu w'umutware, Yohana 4:46;
- Nabukwe wa Petero akira, Matayo 8:14;
- Ugukira k'umunyamibembe, Matayo 8:3;
- Ikimuga, Matayo 9:2;

Ibindi bitangaza vyo gukiza ingwara

- Uwar'amaranye indwara imyaka 38, Yohana 5:5;
- Uwari anyunyutse ukuboko, Matayo 12:10;
- Umushumba w'umugabisha, Matayo 8:5;
- Urwaye ubutinyanka, Matayo 9:20;
- Impumyi n'ikiragi, Matayo 9:27;
- Akiza uwo baciye ugutwi, Luka 22:51;
- Umukobwa w'umunyakananikazi, Matayo 15:22;
- Igipfamatwi kidatobora akira, Mariko 7:33;
- Impumyi zibiri, Matayo 20:30, Mariko 10:46; 8:23; Yohana 9:1;
- Abanyamibembe cumi, Ruka 17:12;
- Umugore ahetamye, Ruka 13:11;
- Umuntu arwaye urusina, Ruka 14:2.

Ibitangaza vyo kuzura abapfuye

- Umwana w'umupfakazi, Luka 7:11;
- Umukobwa wa Yayiro, Matayo 9:18;
- Lazaro, Yohana 11:1-44;

- Kuzuka kwiwe nyene, Luka 24:6, Yohana 10:18.

Ibitangaza vyo kubohora

- Uwinjiwemwo n'abadayimoni, Matayo 12:22; 8:28; 9:32; Mark 1:26;
- Umuhungu arwaye intandara, Matayo 17:14;

Ibitangaza vyo mu buryo budasanze

- Inkubi y'umuyaga, Matayo 8.26;
- Agendere hejuru y'amazi, Matayo 14.25;
- Avuma umusukoni, Matayo 21.19;
- Yiyereka abigishwa biwe amaze kuzuka.

Ibitangaza vyo guhaza abantu

- Ahindura amazi vino, Yohana 2:9;
- Arobasha ifi, Ruka 5.6; Yohana 21.6;
- Agaburira abantu 5,000 n'4,000, Matayo 14.15; 15.32;
- Ikori, Mat. 17.24.
- Yesu uko yari ejo n'ubu niko ari, niko azokwama ibihe bidashira; Heb.13.8

2. Ibikorwa vy'Imana.

Igitabo c'ivyakozwe n'Intumwa n'igitabu Imana yandikiye abakristo kugira bamenye ubuzima rukristo uko bukwiye kumera. Gifise ibice 28 kandi muri buri gice urasangamwo ibikorwa bikomeye vyakozwe mu buryo bw'ibitangaza.

Yesu yiyerekanye incuro nyinshi, Mpwemu yigaragaje kenshi, abamarayika biyeretse abantu batandukanye, Ijwi ry'Imana ryumvikanye kenshi, harumvikanye ubuvugishwa bwinshi, indimi nshasha, inzozu, imigwi minini minini y'abantu batandukanye, abantu bategerezwa guhitamwo kwizera.

Haranditswe mwo ivyo gukiza, kubohora, kuzuzwa kwa Mpwemu Yera, n'uguci manza kw'Imanan mu buryo bwiza hamwe n'iyongerekana ry'ibitangaza n'ibimenyetso n'ibindi vyinshi. Ubu nibwo buzima busanzwe rukristo, ntavyategerezwa kuba ibidasanzwe, muri twe ahubwo kuba bitoba ni co coba ikidasanzwe.

Ivyete bivuga kunkuru z'ukuri

Paulo yarashimikiye cane ku bimenyetso n'ibitangaza, Raba Abaroma 15:17-20, Galatiya 3:5 na 2 Tim 4:17. Abaheburayo 2:4, abandi banditse ibishingantahe, Petero na Yakobo nabo muvuye banditse baremeza ubushobozi bw'Imana mu gukiza., 1 Petero 2:24, Yakobo 5:14-15. Mu mwaka wa 400, uwari arongoye ishengeru ico gihe yitwa Augustine yaranditse ashingira intahe ibitangaza n'ibimenyetso vyakorekeye muri

Afrika y'amaja ruguru ko ataho vyari bitandukaniye n'ivy'intumwa zakora.
24

4 KUBERA IKI IBITANGAZA

Ibitangaza s'ivyo kugira ngo abantu bitangaze gusa. Imana ntibikoresha abantu kugira ironke abo iguma ikoresha gusa. Si ivyo kugira abantu batwemere, si ivyo gutera ubwoba ababibona. Ahubwo ni ivyo kugira ngo abantu batahure ko imana iri hafi yabo; yerekane ikigongwe ifitiye abantu. Ibitangaza vyemeza abantu ububasha, ubugombe, ikigongwe, impuhwe vy'Imana.

5 Twokwitegurira Ibitangaza gute?

Ubwambere nambere dusenge, dusaba ngo, Yesu yiyerekane mugushitsa Ijambo ryayo mu bimenyetso nk'uko yabikora kuva kera hose. Tugire umutwari wo gushitsa ubugombe bw'Imana, Yakobo 4:2, Heb. 13:8. Ibuka ko hari ibintu bitatu bikomeye bituma ibitangaza bikoreka: Guhimbaza Imana, Kuvuga ubutumwa no gusenga. Nkuko Intumwa, baja hose, kandi usabe Imana ikorane nawe, Mariko 16:20.

Mu guheraheza mara akanya

Musengere Igihugu ca Maroke

30.000.000 Vy'aBarabu na Berbères.
99,8% Vya b'Isiramu
400 Vya Bavugubutumwa.
Aba kristo bangani 500 inyuma ya Kristo.
Ubu hari ihamwa rinini.

9. GUKIZA ABAGWAYE

“Ni mugende kuri Yesu mugihe muki mukeneye”

Igisomwa :

Matayo.8:17

Umurongo wo gufata ku mutwe:

Ubwiwe yikoreye ivyaha vyacu mu mubiri wiwe, abambwe ku giti, kugira ngo dupfuye ku vyaha tubeho ku kugororoka; inguma ziwe nizo zabakijije

1Petero 2:24

Ivyo twosangira :

Itegereze urutonde rw’Abantu bashobora gukora ivy’ugukiza. Nihehe ubona kurutonde rwanyu? Nigiki ubu kiguhagaritse?

Igikorwa co gukora:

Saba Imana ngo ibarongore ku barwaye kandi mugire icemezo co kwishura no kwumvira kurongorwa hamwe nayo, kuraba canke kwumva umuntu runaka, naho yoba umunyamahanga. Genda kuribo, naho batokwizera, babwire una bibasabe ko hari igikorwa ushaka gukora mwizina rya Yesu.

Ishingano zanditswe kubigira diplome:

Wisunze Inkuru nziza, erekana urutonde rwahantu hose Yesu yagiye akiza, kandi werekane uburyo bwabantu batandukanye yagiye arakiza, n’ukuntu yabikora.

Iyumvire kuruyu murongo jambo kw ijambo:

Ivyakozwe n’Intumwa 4:8-10

Urasabwa nawe ko wogerageza kuzokwigisha izi nyigisho abandi.

Senga misi yose igihe ugira uzigishe kandi uzitegure neza, wongeramwo iyindi mirongo uzi bijanye, n’izindi nkuru n’uburorero vyotuma icigwa gitahurika neza.

1. Nd’Uhoraho agukiza.

Matayo 9:35 haratubwira ko Yesu yagenda avuga ubutumwa, yigisha, akiza abarwaye. Yohana 14:12 Hatubwira ko Yesu yiteze kubona abamwizeye bose bakora nk’uko yakora mbere barushirize! Paulo mu Baroma 15:19 yanditse

ko yahawe amajambo n"ibikorwa n"ubushobozi bw"ibimenyetso bikomeye n"ibitangaza.

Yesu abwiye abigishwa biwe gukiza abarwayi, si kubasengera gusa. Hari ibishigantahe nyinshi vya bakristo hirya no hino kw"isi zivuga uko Yesu ariko akoresha abantu bayo mu gukiza muburyo bw"impwemu, muburyo buboneka, ubumuga, abarwaye agahinda, abafise ibibazo mu ngo, n"ibindi. Intumbero yayo ni kugirango ikize umubiri, umushaha n"impwemu (1 tes 5:23)."

2 Ugukiza tubisanga henshi muri bibiliya.

Hamwe tworaba kuri buri rupapuro rwose rwa bibiliya, tugasiga kumajambo yerekana ukuntu Imana ifise umutima w"urukundo wo kugomba gukiza.

Indwara zabaye ingaruka mbi z"icaha, ariko mw"itangoriro nyene umuntu agiheza gucumura Imana yaciye isezerana agakiza n"ubuntu. It. 3:15; 21.

Mu gitabu co Kuvayo 3:7 Imana yabonye amarushwa y"abantu ica igira umutwaro wo gukiza. Niho yaca irondera uwo ikoresha kugira ikuru aba bantu mu marushwa.

Mu gitabu co kuvayo 15:22-26 Uhoraho yihishuye nk"umukiza (umuganga). Yeretse Mose igiti agiterera mu muzi aca aba mazima. Ico giti tukigereranye n"umusaraba wa Kristo, urashobora gukura umururazi wose uri mu mubiri yacu igahinduka mizima.

Mu Guharura 21:4-9 Abantu bari bakomowe n"inzoka. Bacumuye ku Mana ibateza inzoka ariko kandi yaciye yerekana umuti. N"aho bari bacumuye Imana nti yaciye yirabira hirya ngo bapfe. Iki nico mu Baheburayo 12:2 hagomba kutubwira. Nk"uko abisirayeri barangamiza ku giti niko natwe dusabwa kurangamiza Yesu. Kiretse nimbi turi Uruvoruvo ntitwoshobora kuraba impande zibi icarimwe, nuko dutegerezwa guhitamwo ikibanza dushobora guriramwo: Ubushake canke amasezerano y'Imana.

Yobu yihanganiye amagorwa n"imibabaro bitoharurika, hanyuma Imana yaramukijije aronka amagara n"ivyo yari yabuze vyose incuro zibiri. (Yobu 42 26).

Dawidi avuga ngo ntitwibagire ivyiza vyose Uhoraho atugirira, Niwe adukiza indwara zose. (Zaburi 103:1-5).

Malaki nawe ati: Uhoraho (Izuba ryo kugorororka) afise ugukiza mu mababa. (Malaki 4.2, Mal.3:20).

3. Yesu yaje gushitsa ubugombe bwa Se

Heb. 10:9. Hari uburorero butandukanye mirongo ibiri nabutandatu butandukanye bw'ivyanditswe kuri Yesu bijanye no gukiza, ubwo bwotwerekaga ubugombe bw'Imana ku bantu. (Raba icigwa ca 42 kubw'urutonde) kuvuga ibimenyetso n'ibitangaza, urabona urutonde ruvugaga ivy'ogukiza.

Hari ivyabona bitatu vyukuri muri muri Bibliya bemeza ko Yesu yakizaga ingwara.

- 1 1. Yesaya, Umuvugishwa yavugishijwe ivya Yesu hahagishywe imyaka myinshi kugira ngo aze. Soma (Yesaya 53:4-6).
- 2 Matayo ashingira intahe y'ivyo yiboneye ubwiye. Avugako ivyo Yesaya yavugishije vyashitse kuri Yesu. Soma Matayo 8:17
- 3 Na Petero aremeza ko ivyo ahereye ku vyo yiboneye n'amaso yiye. Ubuvugishwa (ivyamwanditswe ko) bwashitse. Raba 1 Petero 2:24

None gukiza kuboneka gute?

"Inkuru nziza yacu iroroshe, ihuriye kuri Kristo gusa gushitsa ibihe bidashira".

Ijambo ry'Imana ritubwira ko ugukira kwacu kwagaragajwe muri Yesu Kristo kumu saraba. Hashize imyaka irenga 2010 uko gukiza kubonetse.

Ugukiza ntitukwiteze muri kazoza. Ico dusabwa n'iki, kwakira Kristo, tukizera, tukakira gukiza. Ivyo bikoreka mu buryo bwo kwizera. Ntumenya uko Yesu agukiza. Mu cigwa ca 8 turabona ko yakijije indwara zitandukanye, mu buryo butandukanye, mu bihe bitandukanye. Har'aba yakiza ubwo nyene bagaca bakira, har'abo yabwiye kuja kwiyereka abaherezi baka bakira bari mu nzira bagenda, har'uwo yabwiye kuja kwiyuhagira (ntiyakize atariyuhagira) n'ibindi. Ico usabwa n'ukwizera gusa.

Tubona Yesu, tukizera kandi tukakira, tugashima mukwizera, tukanaruhuka, no kureka ubushake bw'Imana gukora

4. Ni ingabire ya bamwe canke ni iya bese?

. 1 Ab'ikorinto 12:9 Hatubwira ko Mpwemu atanga ingabire zo gukiza indwara. Ijambo ingabire zo gukiza rir mu bwishi. Vyumvikana ko atari

ingabire imwe yahawe umunu umwe gusa ahubwo ari ingabire nyinshi zahawe abantu benshi. Ariko gusa, kur'uyu murongo turabona ko abantu bamwe bafise ukwizera n'amavuta kurusha abandi iyo ikaba ariyo mvo yotuma bamwe bakoresha iyo ngabire cane gusumvya abandi.

Twese twokiza abarwayi

Woba ufise ukwizera guke gusa nayo ahandi ho twese twarahawe ubwo buntu bwo gukiza indwara. Kuko iyo ngabire ijanye n'umuhamagaro w'igikorwa twahawe c'ubutumwa bwiza no kubohora abantu. Imana iragomba kudukoresha mu gukiza abantu aho tuja kuvuga ubutumwa. Turabe uburorero:

5. Ni bande bakiza?

- Intumwa, 2 Kor. 12 :12
- Abungere bitaho intama, Ezek. 34:4
- Abavuga butumwa, Ivy 8:4-8
- Abigisha, Mariko 16:20
- Abavugishwa, 1 Abami 17:21
- Abashingantahe b'ishengero, Yakobo 5:14
- Abizera (abakristo basanzwe), Mariko 16:17

Dufatiye kur'ubu burorero, biraboneka ko atamuntu n'umwe atemerewe gukiza. Iyi ngabire bose barashobora kuyironka bigatandukanira ku kwizera umwe wese afise.

6. Ni gute none twokoresha iyo ngabire?

Ica mbere dutegerezwa kurongorwa n'Imana. Tukama twituguye igihe cose kumva ico itubwiye gukora mu gihe ico ari co cose, ah'ari ho hose, k'umuntu uw'ariwe wese. S'iyi turi mu rusengero gusa canke iyo turi mw'ivugabutumwa gusa. Hari n'igihe Imana izokubwira gukiza umuntu arwaye indwara itagaragara. Izo ngingo niwazikurikiza, bizotuma ugira ubushobozi mu vyo gukiza indwara:

- 1 Emera kwanka indwara no kuzirwanya.
- 2 Kunda abantu uterwe akagongwe n'abarwaye wumve wifuza ko bokira.
- 3 Ahantu hose canke aho vyoshobokera, igisha abantu kugira bagire ukwizera kubwabo nyene kandi bisengere, bahe ku kwizera kwawe, bizere ko bisengeye bokira.
- 4 Kwicisha bugufi imbere ya Mpwemu Year, canke kurongorwa na Mpwemu, Ivy. 3:6 .

- 5 Saba Imana kugira ngo ikwigishe uko ukwiye gusenga, Nkakarorero: Yoba ari indwara isanzwe canke n'abadayimoni?
- 6 Hagarika ubushobozi bwose bwa satani mw'izina rya Yesu.
- 7 Ntugire ubwoba bwo gusenga kurandura imizi y'ubwo burwayi no kubutegeka bugende mw'izina rya Yesu, kuko yashize ishoka kumizi.
- 8 . Atura ubushobozi bw'Imana mu masengesho, murambike ko ibiganza, musige amavuta nimba bikenewe. Mariko 6:13
- 9 Nturambirwe gusenga gushitsa ubonye Imana ikoze. Na Yesu har'abo yakorera akarenza rimwe kugira bakire.

Mara akanya usengera iki gihugu cu Burusiya

butuwemwo Abantu 154.000.000

11è ahantu hihuriro mu burayi mu Buyapani.

Inyuma yukunanigwa gutangaje kwa Bakominista,
Ubwicanyi no guhamwa n'ibibazo bihambaye bigaragara.
Ikanguro risa niryazimye.

10. GUSENDA ABADAYIMONI

“ Muzomenya ukuri kand’ukuri kuzobaha kwidegemvya”

Igisomwa:

Abigalatiya 3:1-14, Ivyak. 8:1-25

Umurongo wo gufata ku mutwe

Icatumye Umwana w’Imana Ahishurwa ng’iki: n’ukugira ngo asangangure ibikorwa vy’umurwanizi. 1 Yohana 3.8b.

Ganira kur’ibi :

Yesu yakoze iki ku musaraba? Warababariwe, waracunguwe, wakijijwe indwara, wahawe umwidegemvyo, waratungishijwe. Gaba kugira umenye inzira zose Satani acamwo kugira akunyage.

Igikorwa co gukora imbere yo gusubira guhura:

Itegereze ubuzima bwawe urabe ko ata muvumo woba ugukurikirana. Hoba uwo muri kahise canke kubu. Rondera Pasitori, umurongozi canke umusenzi woba wizeye umubwire ico wikeka coba carakweze uwo muvumo. Mubwire agusengere, nimba hari icaha ugomba kwatura caba icawe canke ic’umuryango uature. Sengera hamwe muhamagare ubushobozi bw’Imana busambure ico iyo muvumo iza ikurikiranye. Wibuke ko Imana irwanya abibone ariko igirira ubuntu abicisha bugufi.

Igikorwa c’abigira Diplome

Gerageza kw’andika kumpapuro zibiri wisunze uturorero twatanze yukungene umuntu ashobora kwivuma

Iyumvire kur’iyi mirongo ijamba kw’ijamba :

Guharura 23, 19-23

Mara akanya usengera iki gihugu

Sengera Mali Hatuwe n’abantu 10, 000,000, Amoko ashika 33, Abazi gusoma no kwandika 10%, aba Islamu 86%, Abakristo 4%, Hafi ya bose barakennye

1. Udukize wa Mubi

Mu Bigalatiya 3: 2-5. Turabona aho Paulo yandikiye ishengerero atangara cane ukuntu bari bigishijwe ukuri mbere bakakira na Mpwemu bakibonera

n"amaso yabo ibitangaza ariko bakaba bari batanguye gusubira inyuma. Bari bamaze kuva ku Mwami, batakaje umunezero, ukwizera bakira ubutumwa butari bwo. Basubiye gushaka kurongorwa n"ivyagezwe vy"idini batangura kugiriranira imigenderanire n"abigisha b"ibinyoma. Paulo ntiyavyihanganiye aca abandikira abakariri ababaza ngo (Galatiya 4:8-11, 5, 7-12):

" Ni nde yabaroze? "

Iri jambo ngo „yabaroze“ Paulo yagomba kuvuga uburozi bwo mu majambo, inyigisho canke ubutumwa. Yagereraniye amajambo bumvise akabakura mu vyizerwa nyakuri n"uburozi.

Kuko yasanze ivyo bari mwo bitandukanye n"ivyo yari yarabigishije. Mu buzima bwacu bwa buri misi (umuntu ku giti ciwe, mu miryango, kw"ishengero) ivyo biradushikira. Hari amajambo, inyigisho canke ubutumwa bushobora kutubera uburozi.

Ubwo burozi bwonona vyinshi ari mu buryo bw"impwemu canke mu mubiri. Umunezero ukagenda, amahoro, amagara yacu agahungabana, ubutunzi bwacu bugahungabana, umutekano ukabura. Inyanduruko iyo ari ubwo burozi ntuba ari wo mugambi w"Imana. Imana ikeneye kuduhezagira muri vyose. Nimba aruko mubuzima bwanyu, mutegerezwa kumenya ko Imana yiteze kubahezagira kubw umunezero, amagara meza, abana, itsinzi, itunga hamwe n ubuntu bw Imana Gusubira mu vyagezwe 28:1-14.

2. Mbega ubwo koko ntawakuroze?

Hari ibimenyetso vyibonekeza kugira umuntu atahure koko ko hari umuvumo canke bwa burozi twavuze bimukurikirana. Ivyo n"intambanyi zituma tudashikira imigisha Imana yatugeneye. Har"aho Shetani aduteza gukekeranya tukiyumvira ngo ni ko Imana ibishaka, tugacika intege zo gusenga, tukuzura amaganya. Ivyo bishobora kuva kuri wewe canke bikaba ari uruhererekane rw"umuvumo uri ku muryango. Umuvumo wose uza ukurikirana icaha. Raba urutonde rw"imivumo mu gusubira mu vyagezwe 28:15-68:

- Kutaroranirwa mu buzima, ico ukoze cose kikanka. 28:29
- Ukutavyara, ikibazo kubagore, 28:18
- Ubukene budashira, 17, 29, 47-48
- Igihombo muri vyose. 38,
- Kwiyahura n"impfu za giturumbuka mu muryango, Yosua 6:26, 1Abami 16.34
- Kuneshwa, kubonerwa no gukengerwa . 25-44,

- Gusambuka kw'ingo, ibisazi, kuryagagurana, kuyinga, 34, 20, 28, 65, 30, 41.
- Indwara z'intakira, 21, 22, 27, 35, 59, 61.

"Agacinyizo, 33 Ibi ni bimwe mu turorero dusa kandi dushoboka vyerekana umuvumo ku muntu canke ku muryango n'aho hari bimwe bishobora kuza ari ibigeragezo vya Shetani nko kuri Yobu. 29

3 IMIVUMO IVA HEHE?

Umuntu yavumwe n'Imana kuribi:

- " Kurima isi ivumwe. (It. 3:17; 5:29)
- " Kuyerera (kwangara). (It. 4:14)
- " Ubuja. (It. 9:25)
- " Kudahuza. (It. 11:1-9)

Imivumo iva kuri Satani

Imivumo atampavu ntabubasha bigira, ariko iyo umukristo acumuye nibigira nkana imivumo iragira ububasha kuriwe (Imigani.26:2)

Turashobora kw'Ivuma twebwe twenyene nko:

- " Amajambo twiyatura ko nabi, (Imig. 18:21)
- " Agaucumura n'ibigira nkana, (Gus. 27:20-23)
- " Gusenga ibigirwa mana, (Gus. 27:15)
- " Akarenganyo, (Gus. 27.17-19)
- " Gukengera abavyeyi, (Gus. 27:16)
- " Kwanjanjwa ku gikorwa c'Uhoraho, (Yer. 48:10)
- " Kwizigira Abantu, (Yer. 17:5)
- " Kwirengagiza Abakene, (Imigani. 28:27)
- " Kugunga Imana, (Mal. 3:9)

No mu bundi buryo butandukanye.

Hari n'imivumo dukura kubandi (Imiryango, abagenzi, ku kazi n'ahandi)

Nta yindi nzira yindi n'imwe yo gukurwa ko umuvumo atari muri Yesu Kristo we yemeye kutuguranira akiremeka umuvumo wacu akaduha umugisha w'Imana.

Umuntu ahambaye, gusenga izindi mana canke ivyavumwe na basokuru.

Ukubohoka ku mivumo kubonekera muri Yesu Kristo we yahinduye imivumo yacu kuba imigisha. Galatiya 3:13-16.

4 Ico yakoze mu kutuguranira.

" Yabambwe kubw'ivyaha vyacu.

" Yajanjaguriwe ibicumuro vyacu.

" Igihano kituronkesha amahoro niwe yagihawe.

" Yarababajwe kugira ngo dukire. Yesaya 53, 1 Petero 2:24

" Yahindutse umunyavyaha kugira turonke ukugororoka.

" Yarapfuye kugira turonke ubugingo budashira.

" Yahindutse umworo ngo tube abatunzi.

" Yaranswe kugira twe twemerwe. 2 Abikorinto.5:2; Heb 2.9, Rom 6.23 , 2 Cori 8.9, Ef 1, 5-6.

Imigisha mu gishingo c'imivumo.

Mu gishingo co gukorera ubusa, ubutame bwacu s'ubw'ubusa, muri Yesu ibikorwa vyacu ntibiba ivyimfagusa. 1Abikorinto.15:58 1 Cor. 15.58

1. Mu gishingo co kuyerera, Tugendagenda dufise intumbero Mat. 28 :19

2. Mu gishingo co kuba abaja, turi abaherezi b'I bwami. 1Petero 2:9. Abifilipi.2:6.

3. Mu gishingo co gusanzara, dukoranirijwe hamwe kuba umubiri wa Kristo. Itanguriro.11:6

4. Mu gishingo co kudahuza twese, turafise imigisha ya Aburahamu kumahanga yose. Itanguriro.12:1-3.

5. Nigute Aburaham yahezagiwe?

6. Aburahamu yahezagiwe munzira zose

7. Kandi twahezagiwe kubw'isezerano rya Mpwemu Yera kugira atugire abanyenkomezi bashoboye gushitsa ubugombe bw'Imana kumahanga yose. Itanguriro.24:1, Ivyakozwe n'Intumwa.1:8

5 Intambuko ndwi zo kwikuraho umuvumo

Umuvumo ibikorwa vy'impwemu mbi ziza zikurikiye amajambo canke ibikorwa abantu bavuze canke bakoze. Ariko iyo turi muri Kristo nta bubasha bigomba kutugirako.Soma 1 Johana 4:4, 3:8. Amasengero arimwo ahamagara ubushobozi bwa Yesu bugakomvomvora ibikorwa

vyose vy'umurwanizi. Nimba hari na kimwe mu vyo twavuze wiketse ko cagukwegeye umuvumo, rondera umukozi w'Imana canke mwene so wizeye musenge musambura uwo muvumo mur'ubu buryo:

1. Tahura ko ikibazo cawe ko ari ico mumpwemu.
2. Kwihana ivyaha vyabaye intambanyi y'ikibazo cawe, kuhindukira kubwubushobozi bw'Imana, no guhitamwo gukurikira Yesu nku mukiza n'umwami.
3. Kuronswa imbabazi mwizina rya Yesu, mwizina rya Yesu, harira barya bose bakugiriye nabi.
4. Anka Satani n'ibikorwa vyawe vyose.
5. Ibutsa Satani amaraso ya Yesu Kristo nukunanirwa kwiwe igihe Yesu yaja kumusaraba.
6. Saba abagezi banyu kuvavanura nibikorwa vyose bigayitse, tegeka ububasha bwose bwububegito ngo buhunge kandi no guhonvovora imivumo yose mwizina rya Yesu Kristo.

Ubuzima bwawe bwose bwuzuzwe Mpwemu Yera w'Imana no guhimbaza Yesu ubudahumeka, kuba mu Mpwemu no mwijambo ry'Imana.

Sengera igihugu ca Mali
33 imigwi yubwoko, imico kama 10%,
86% vya ba Isiramu, 4% vya ba Kristo.
Bose mubukene budasanzwe